

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saban dinten Djoemoewah.



RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.—
Langkoengipoen, saban 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris (apes: f 1,25).

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados langganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

A. DJAJASEPOETRA.

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.



REGINIPOEN I
SWARA

1 taoen . . . f 6,—
1/2 . . . f 3,—
3 woelan . . . f 1,50

Adrèsipoen Redactie lan Admi

IGNATIUS-COLLEGE

DJOKJAKARTA.

Telefoon no. 795.



Drukkerij „Canisius“ Djokja.

ISINIPOEN:

Balé Agoeng ing tanah kedjawèn — Moegi dadosa panggalihan — Ing sapoetjaking pangoeng Economie — Herordeningsplan — Bok inggih sampoen kesangeten — Kawi dasa nama djarwa — Djogèd — Vragenbus — Tjabang P. K. W. ing Bara — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

PRADJA RAHAJOE.

BALÉ AGOENG ING TANAH KEDJAWÈN.

II (Toeroenan

sambetipoen Sw. T. no. 47.)

Rantjangan bab adegipoen gemeenteraad ing Soerakarta lan ing Ngajogjakarta, kadamel déning Adviseur voor de decentralisatie.

Sasampoenipoen Kangdjeng Goepmèn aparing soemerep kados kaseboet ing nginggil waoe, Adviseur Voor de decentralisatie salebetipoen taoen 1922, ladjeng kadawoehan ngladosaken rantjangan bab adegipoen gemeenteraad ing Soerakarta toewin ing Ngajogjakarta.

Mengguh anggèning Adviseur voor de decentralisatie kadawoehan damel rantjangan bab adegipoen gemeenteraad waoe, poenika mawi dipoenantjer-antjeri bilih gemeenteraad kaadegaken déning para Nata, wah malih mawi kasoewak anggèning para kawoelanipoen Kangdjeng Goepmèn kapetal saking pangowasipoen gemeenteraad ingkang badé dipoenadegaken para Nata.

Bab dawoehipoen Kangdjeng Goepmèn, nalika poengkasanipoen taoen 1923 saking pangalihipoen Kangdjeng Goepmèn wekdal samanten kirang prajogi saopami ing Soerakarta toewin ing Ngajogjakarta dipoenwonteni gemeenteraad.

Inggang kabebahan ngrembag bab adegipoen gemeenteraad ing wosana nalika poengkasanipoen taoen 1923, Kangdjeng Goepmèn andawoehaken saking pangalihipoen Kangdjeng Goepmèn, wekdal samanten kirang prajogi saopami ing bawah Soerakarta toewin Ngajogjakarta dipoenwonteni gemeenteraad.

Sarèhning para kawoelanipoen Kangdjeng Goepmèn wiwit kina makina sampoen kapetal saking pangowasipoen para Nata, mila bab poenika ladjeng noewoehaken pakèwed toemrap adegipoen Gemeenteraad.

Inggang makèwedi sanget toemrap adegipoen gemeenteraad inggih poenika panjoewakipoen anggèning para kawoelanipoen Kangdjeng Goepmèn, kapetal saking pangowasipoen para Nata, amargi saopami saestoe kasoewak, raosipoen sanget njoelajani wawaton toemindaking papréntahanipoen Kangdjeng Goepmèn, liripoen ladjeng boten tjoendoek akalijan pradjandjan bab pamilih toewin prabédanipoen para kawoelan ingkang kabawah ing Kangdjeng Goepmèn sarta ingkang kabawah para Nata. Kadjawi poenika oegi wonten pamanggih, saopami soewaking pametalipoen para kawoelanipoen Kangdjeng Goepmèn, saged laras kalijan kawontenanipoen djaman samangké, poenika soewakipoen waoe saestoenipoen adilipoen inggih kedah katindakaken ing sabawah India Nederland, ing mangka kawontenanipoen keraton ing tanah Djawi sakawoelanipoen sedaja béda sanget akalijan ing tanah-tanah sabrang.

Koemisi ingkang kabebahan ngatoeri pamrajogi toemrap soewaking para kawoelanipoen Kangdjeng Goepmèn, anggènipoen kapetal saking pangowasipoen para Nata.

Mengguh koemisi ingkang kabebahan ngatoeri pamrajogi toemrap soewaking para kawoelanipoen Kangdjeng Goepmèn, anggènipoen kapetal saking pangowasipoen para Nata, poenika katetepaken na-

lika woelan April 1926, déné anggènipoen ngatoeri pamrajogi nalika salebetipoen 6 woelan awitanipoen taoen 1929. Sarèhning prakawis waoe pantjèn gawat sanget, mila doemoegi samangké dèrèng saged rampoeng pangrembagipoen.

Bab pakèwedipoen djalaran tebaning pangowasipoen gemeenteraad namoengsakitakeradjanipoen nagari.

Mengguh ingkang makèwedi sanget toemrap adegipoen gemeenteraad inggih poenika djalaran tebaning pangowasipoen gemeenteraad waoe namoeng sakita kradjanipoen nagari, dados tijang ingkang manggèng sadjawining kita kradjanipoen nagari boten saged kakéngingaken ing padjeng ingkang badé dipoenwonteni déning gemeenteraad.

Sarèhning tatanan papréntahan ingkang bawah keraton Djawi béda sanget akalijan lampah-lampahipoen gemeenteraad, tatanan Walandi saingga kènging dipoenwastani tanpa oepami. Mila saestoe gawat sanget anggènipoen nengahi oetawi njing-kiri samoekawis pakèwed.

Sarèhning papréntahanipoen keraton Djawi taksih dadasar tatanan ingkang kina-makina, mila béda sanget kalijan tatanan gagragan énggal kadosta gemeenteraad, bédanipoen prasasat tanpa oepami. Déné samoekawis pakèwed ingkang kabekta saking prabédanipoen waoe pantjèn boten kènging dipoennging-kiri sanalika. Mila prajoginipoen kaangkaha sagedipoen nengahi.

Tatanan bab siti (agrarische hervorming) saweg rampoeng, dados tatanan énggal poenika dèrèng mrasoek, mengguh tatanan gagragan énggal prajogi katindakaken saking sakedik.

Tatanan bab siti ing bawah Vorstenlanden, saweg rampoeng salebetipoen sadasa taoen kapengker, ananging taksih katingal dèrèng saged mrasoek, oet, malih panggesanganipoen tijang dèrèng saged mapan, pramila anggènipoen ngladjengaken tatanan gagragan énggal prajogi katindakaken saking sakedik.

Sarèhné panggesanganipoen tetijang siti katingal dèrèng saged laras kalijan kawontenanipoen djaman samangké, mila sadèrèngipoen ngladjengaken tatanan gagragan énggal inggih kedah kanti sabar doemoegi tetijang siti sampoen saged ngoelinakaken dateng ébah-ébahanoen djaman.

Bab soedanipoen pangowasipoen para Nata saopami dipoenwonteni gemeenteraad.

Kadjawi poenika inggih sampoen kagalih saopami saestoe ngwontenaken gemeenteraad poenika wadji toewin wewenangipoen zelfbestuur salong kedah kapasrahaken doemateng gemeenteraad, mila wontenipoen gemeenteraad waoe inggih badé andjalari soedaning pangowasipoen para zelfbestuur.

Ada-ada ngawontenaken Rijksraad ingkang wadji ngatoeraken panimbang.

Sareng tétéla wonten pakèwedipoen kaseboet ing nginggil waoe, sarta sasampoenipoen kagalih saperloenipoen moerih sageda anjing-kiri pakèwed waoe, para wadji ladjeng sami gadah pamrajogi soepados ing samangké dipoenwonteni Rijksraad roemijin kémawon, mawi dipoenwadji ngatoeraken panimbang, ingkang kanggé toelada inggih raad-nagari ing Soerakarta ingkang adegipoen toewin lampah-lampahipoen sampoen kawrat ing serat kabar-nagari taoen: 1918, angka 26; sarta taoen: 1923: angka: 1.

Awit saking poenika kantor departement B. B. ladjeng andapoek réng-réngan pranatan bab adegipoen Rijksraad kados kaseboet ing nginggil waoe. Sarta réng-réngan waoe nalika salebetipoen taoen 1925 ladjeng kanggé wawaton pangrembagipoen kalijan para zelfbesturen toewin para sardjana bangsa Djawi. Sareng pamanggihipoen ingkang sami ngrem-

bag bab adegipoen Rijksraad waoe sampoen kagoeningan, miwah pamrajoginipoen para pangageng sarta pangadjeng-adjengipoen pakempalan Narpa-Wandawa ingkang kalahiraken kala ing taoen 1927 sarta 1928, para wadji ladjeng andapoek réng-réngan pranatan kados wontenipoen ing samangké poenika.

Bab réng-réngan pranatan ing samangké poenika.

Mitoeroet soeraosipoen réng-réngan pranatan kantinipoen serat katrangan poenika, ing bawah zelfbesturen ing bawah Vorstenlanden badé dipoenwonteni Rijksraad kados ing ngadjeng waoe, mawi dipoenwadji ngatoeraken panimbang. Ing ngandap poenika badé kawidjangaken bilih adegipoen toewin lampah-lampahipoen Rijksraad énggal waoe béda sanget kalijan Rijksraad ingkang sami kados déné ingkang taksih toemindak angemoengaken ing bawah karaton Soerakarta.

Mengguh Rijksraad énggal waoe badé kanamakaken Balé Agoeng, amargi bangsa Djawi sakintenipoen sampoen mangertos bab pikadjenngipoen temboeng Balé Agoeng, déné sanèsipoen bangsa Djawi temtoe gampil anggènipoen ngoelinakaken dateng pikadjenngipoen temboeng Balé Agoeng waoe. Nalika tanggal 6 Nov. 1925 K. P. A. A. Mangkoenagara VII, papatih ing Soerakarta, sarta para sardjana bangsa Djawi, sami parepatan wonten ing Prangwadanan, sarta sami mrajogèkaken Rijksraad énggal waoe kanamakan Balé Agoeng.

(Badé kasambet).

MOEGI DADOSA PENGGA-LIHAN!!!!

Para sedèrèk, kados pandjenengan sedaja boten kekilapan mengguh kadjenngipoen tijang dipoentjatjar; inggih poenika kanggé srana panoelaking sesakit tjatjar. Inggang mangka sesakit tjatjar poenika saged andrawasi, wewah-wewah gampil sanget toemoelaripoen dateng sanès. Mila jèn wonten sedèrèk ingkang ketjandak sesakit tjatjar kedah ngatos-atos sanget. Namoenng rajakipoen para sedèrèk ing padoesoenan sami boten merlokaken ndjagi dateng sesakit poenika. Mila inggih sampoen lajak kémawon menawi wonten salah setoenggaling sedèrèk ingkang ketjandak sesakit tjatjar, boten dangoe sampoen saged ngabra-ambra. Inggang poenika negari ladjeng mékani, inggih poenika srana maringi mantri tjatjar. Éwasemanten kating-kating sedèrèk, meksa wonten ingkang katingal sanget anggènipoen boten rila, sareng tampi dawoeh badé dipoentjatjar. Malah-malah menggaha angsal mekaten trimah badé mberahaken, inggih poenika tijang sanès kapoerih nglampahi tjatjaripoen. Ratjakipoen ingkang mekaten poenika sedèrèk wanita; langkoeng-langkoeng ingkang teksih prijantoen oetawi wanita ingkang mrijantoeni. Mengguh nalar-nalaripoen kados-poendi teka wonten ingkang gadah pemanggih trimah badé mberahaken poenika? Poenapa mergi boten mangertos kadjenngipoen tjatjar? Kados teka inggih boten, awit wonten sawenèhing wanita ingkang sampoen mangertos goenanipoen tjatjar, éwasemanten sareng nampi dawoeh tjatjar teka inggih boten seneng. Sandjengipoen kapok ingkang sampoen -sampoen. Poenapa kapok anggènipoen sakit? Ah, genah boten, awit jèn namoeng saktiing tijang dipoentjatjar kémawon boten sepintena. Ladjeng ingkang poendi? Manoet pamireng koela mergi lingsem anggènipoen kanggé tetinggalan tijang katah. Tetinggalan kados-poendi? Mekaten: wonten sawenèhing mantri tjatjar ingkang atoeranipoen terlaloe, inggih poenika sedaja tijang, enèm sepoe, djaler èstri, ingkang badé tjatjar kedah nglempak dados saplaturan lan kedah tjoetjoel rasoekan sedaja, tan kènging boten. O, menawi mekaten teka inggih wonten èmper-

ipoen jèn wonten ingkang lingsem. Toemrapping prijantoen wanita ingkang teksih moerni, sampoen malih tanpa rasoekan wonten ngadjeng-anipoen tijang katah gèk botena lingsem, saweg wonten grijanipoen pijambak kémawon sampoen lingsem. Kedjawi wonten mantri ingkang gadah atoeran mekaten asring-asring wonten mantri ingkang kirang djoe-djoer manahipoen salebeting nindakaken pakarjanipoen. Para maos kados sampoen saged nggagapi kados-poendi botenipoen djoe-djoer sang mantri tjatjar waoe.

Mila saladjenngipoen ing ngriki koela ladjeng ketoekoelan gagasan, ingkang saged oegi para maos mestani gagasan koela waoe njlenèh. Éwasemanten soemangng anggènipoen mestani.

Menawi koela ngèngeti kawontenan nginggil waoe, ingriki koela ladjeng gadah pitakénan doemateng para maos; poenapa boten prajogi sanget saopami dipoenwontenan mantri tjatjar èstri, mligi kanggé sedaja tijang èstri?

Wondéné pitakén koela ingkang mekaten poenika mawi ngèngeti dedasar tigang prekawis:

1e. ngèngeti kasoelasan, 2e. ngèngeti kasarasan lan 3e. saged maringi pangoe padjijwa doemateng wanita. Mengguh keteranganipoen mekaten:

1e. Menawi pakarjanipoen mantri tjatjar saged klampah pilah, inggih poenika prija sami prija, wanita sami wanita, ingkang temtoe ladjeng saged nebihaken manah ingkang kirang djoe-djoer toemrap sedajanipoen. 2e. Jèn mekaten, temtoe sedaja tijang badé kanti seneng anggènipoen sami nampi djampi minangka panoelaking sesakit tjatjar. Ladjeng boten wonten ingkang mberahaken malih, oetawi nilar késah menawi dong tjatjaran. Woena sedaja tijang ladjeng tampi tjatjar, ndjalari anggèning widji sesakit tjatjar ingkang badé toewoh ing badan. Jèn mekaten rak ladjeng angèl kèngingipoen sesakit tjatjar.

3e. poenika genah sampoen tjeta. Menawi mila saged klampah mekaten, tegesipoen oegi madosaken mergi kanggé pangoe padjijwaning wanita. Wondéné mengguh merginipoen wanita saged dados mantri tjatjar, poenika koela soemanggaken dateng ingkang kawogang menggalih.

P. RAGIL.

EKONOMI

Ing sapoetjaking pangoeng Economie.

Saking M. ANDAJA ing W.

Inggang karangan koela ing Sw. Tm. no. 47 koela radi ndjilmet métni wados-wadosipoen tradjang Indonesia ingkang tetéla saged mbebajani toemrap sedèrèk mantja pradjaja ingkang wonten ngriki ingkang gesangipoen mligi saking manggaotan dagang.

Kala koela wonten Mataram, koela maos serat kabar Mataram oetawi de Koerier, kesoepe, ing ngriki wongen penjarowé saking Magelang, njaroewé begrooting kapoelisèn, ingkang ngemot pistoel satoenngal karantjang regi f 150,—. Inggang njaroewé waoe alok, goemoen sanget, déné pistoel ngantos regi semanten. Pijambakipoen trjijos, zoolis ik persoonlijk gekend heb, zoo'n wapen van dezelfde qualiteit kost in Europa tusschen 10 en 15 gulden, oekara poenika adjeg koela émoet-émoet, margi ingkang alok semoe-semoenipoen, nitik karanganipoen. mentas saking Europa, mergi mentas perlop poenapa saweg grès saking ngriki.

Mergi kala semanten koela saweg „boeka-mata“ prekawis import, prekawis waoe koela tjatet, koela bekta dateng poendi-poendi, awit kesangeten, begrooting f 150,— njatjanipoen saged namoeng regi f 10 njengka f 15. Kok kados mritja djaman V. O. C., wonten Indonesia

3 benggol, wonten ngrika f 150,— enz, enz, enz. Batos koela njoedjanani dateng ingkang damel begrooting (hm . . . njemelangi).

Let setaoen, lah dalah, koela kèmoetan bab waoe, koela takèken saestoe dateng . . . sabar, koela pendetipoen roemijin . . . dateng Europa, Perantjis, kitanipoen Saint Etienne (joernalis bermata seriboe?).

Inggang rikoe élokipoen Welandi Magelang waoe . . . njata! Kirang terang ing negari Welandi, gadjenngipoen koela soemerep saking Noordbrabant oegi boten inggil reginipoen!

Inggikoe pistoel ingkang awis pijambak, browning 1e. klas, boten wonten ingkang njami, namoeng regi f 29. Saongkos kintoen . . . f 35,— toeh dèrèng f 150! Pistoel poelisi ingriki njata namoeng regi f 10 doemoegi . . . f 15,—!! hara ta, f 150,— waoe gèk tirahanipoen mladjenng dateng poendi? Mangka negari taoen poenika ngrantjang badé njamboet malih „paling banjak“ f 75,— mawi 000 000. Hara ta, jèn dipoenoeriki saking sakedik arta semanten waoe temtoe leboer tanpa teges! hara ta, f 150 pistoel satoenngal!

Pabrik poendi namanipoen ingkang pandjenengan takéni mas Andaja?? o. boten badé koela atoeraken. Namoenng atoer koela poenika njata. — sampoen malih barang alit, barang ageng pisan Andaja sedija paseksènipoen.

Bab poenika sanès dinten kaladjengaken.

Mangoel Soerabaja malih. Samoepipoen Djawi Wétan mila glijak bab panggaotan, P. P. K. D. kémawon ingkang kepara wétan, Madjioen, kabaripoen kok inggih digdajal!

Inggang Djawi wétan wonten nama Pameb, poenapa poenika? o. gampil, tjekakan saking Perkoempoelan akan madjoekan economie Boemi-poetera. Ta, rak tjotjot kanggé ngisèni rubriekipoen mas Andaja, mawi temboeng nomie! Semoenipoen aksi poenika saking Pesoe-roewan, ladjeng Ne r a ngabarakan Pameb waoe sampoen mrembèt dateng Lawang. Sokoer bagé séwoe, ki jèn Kober bédjeng koela atoeri toezicht mrikan Lan tjabang Pameb waoe madeg pijambak mawi nama Arca, sedyanipoen badé njewakaken montor, dados aannemer lan blantik, poenapa déné toekang reparasi. Inggang Malang oegi wonten Persbureau nama Retna, ing Bandoeng Fortuna. ing Anoe (koela boten terang) Matpena. Malah menawi boten klentoe Matpena poenika ingkang gandèng kalijan Aneta. Ta, menawi koerda, ambak-ambak brengos Djawi poenika malati.

Bokmanawi para maos menggalih perloe, mangga koela tjoeplikaken kepèk koela tjoeplikan saking Pew, Sbj. ingkang dados oregipoen donja-penggaotan kala 6 woelan kapengker.

„Ing Nw. Soer. Crt. wonten seratanipoen soedagar Tjong Hoa ingkang dipoenalamataken dateng Chineseche Handelsvereniging (Tjong Hoa Tjong Siang Hwee) ing „Soerabaja, ingkang soeraosipoen „soeka soemerep dateng kempala, palan waoe bilih sampoen sa-„watawis taoen toko-toko Import „Europa sami pados mergi pijambak gandèng kalijan tijang-tjatang „ing doesoen, ingkang andjalari „toko-toko sami kapitoenèn. „Amargi tijang-tjang doesoen „waoe sami dados lenggananoen „waroeng-waroeng Tjong Hoa, „mila jèn dipoenreboet ing toko „Import, temtoe kanta dagang „Tjong Hoa boten sanggoep nan-„dingi, langkoeng malih toko-toko Import waoe oegi ngilakaken „barangipoen dipoentjijil mawi „inah dangoe“ doemoegi ngriki kepèk tjoentjel, mergi kala semanten ketoengka pendamelan sanès, namoeng keleresanipoen bab ingkang perloe sampoen kamot, para maos saged anggagapi

W. ing Bara. ahad tanggal 16 Novem- para sadèrèk Katholik jeran Bara ngwontenaken...

October kapengker poenika mindak 7. Wasana moegi pakempalan ingkang saweg madeg poenika, angala berkahing Pangéran, sageda widada ngrebdan lan sambada!

A. K. B. ing Wana Glagahagoeng. Kala tanggal 2 November 1930, sadèrèk pandjenengan ing Wana Glagahagoeng sampoen saged ngedegaken pakempalan Armen Kerk - Bestuur.

serat saking Hoofdbestuur P.K.W. poen ngéngingaken ngadegaken tjabang roemijin, ngaoebipoen dateng P.K.W. kantoen.

Panitra A. K. B. J. J. Dirdja.

pijambak, sepinten lebetipoen kepèk waoe jèn dipoenmanah pandjang! Awit kantja Indonesia pantjèn sa mpoen saged sambet pijambak kalijan mantja negari, apes kalijan Importzaak, nanging dèrèng poeroen; hm.

goeroe ana ing sekolahané Plastoer, ning akoe trima ora dibajar, nèk kon moelang ing sekolahan Plastoer. Lan manèh jèn ana Plastoer moelang...

Wewahan:

Sarampoenging njerat artikel nginggil poenika, B. T. dateng, njeboetaken ing Solo mentas madeg Coöperatie - Centralie.

KOEROE SÉTRA.

- mBOK INGGIH SAMPOEN KESANGETEN. -

Sampoem kelimrah, tijang seneng mekaten boten kirang ing pengalem, tijang sengit boten kirang ing penatjad.

Goeroe poenika saboten - botenipoen kedah langkoeng pinter tinimbang ingkang sami megoeroe, dados inggih ladjeng katah ingkang sami pitados dateng piwoelang lan tjarijosing goeroe.

ten. Andèkpoena sampoen koesa neda Hindia-merdèl, mbok sarèh roemijin, jèn mila sampoen mangsa badé dateng sinten ta? Menggaliha roemijin dateng sedèrèk pendjenengan ingkang teksih sami „pitjik peman-dangan” sampoen ngantos ngoe-doeraken adjenging djaman.

KASOESASTRAN.

Kawi dasa nama djarwa.

Serat poenika sampoen dangoe wontenipoen, sarta doemoegi sapriki katah ingkang sami nggegegi oetawi nganggèp leresipoen katrang-an-katrangan ingkang kababar ing serat waoe.

Naming dèwa 1. ... tegesipoen amadangi,

awit ing adjengipoen: ... teges-

ipoen padang, amendet saking padang srengéngé awan. Sawenèhing sardjana, temboeng ... di-

VAN LITH-STICHTING. Saben arta pandjenengan 100 sèn ingkang kaparingaken Van Lith-Stichting namoeng 1 sèn Penningmeester V. L. S. p/a 2e. Convict MOENTILAN N. I. S.

kang nglantrah nglantoer ing nginggil poenika sakedik sanget leresipoen. Sang hjang, poenika saking Sang kalijan hjang. Temboeng Sang poenika kanggé bepalend lidwoord asalipoen saking sa.

Déné hjang, wonten ing seraserat kawi doemoegi samangké namoeng sami ateges déwa. Wonten oegi hjang ingkang katandoeaken dados manghjangan, anghjangan sami ateges: ndjalok, noenoewoen.

Wondéné sjang ing Kw. D. Dj. ladjeng kapiagah ateges padang, poenika kasamèkaken kalijan sjangan. Menggah temboeng sjang, ing basa Kawi ateges: mbengok, nantang, ngoendang.

Manawi ing basa kawi ing djam sapoenika wonten ingkang malih: kadosta: ...

Manawi ing basa kawi ing djam sapoenika wonten ingkang malih: kadosta: ... lsp.

VOORSTEL SCHRIEKE.

Djadag Onderwijs gondjing. Paréntah karsanipoen badé njaékaken onderwijs ing riki. Paréntah ngen-dikanipoen mesakaken déné ing riki wonten intellectueele-overproductie!


Kados - poendi rantjanganipoen (poetoesan) H. I. O. C. waoe, pandjenengan koela atoeri mirsani wonten ontjènipoen saodara Patjar Mérah kaseboet ing Sw. T. No. 17, 25 April. Lan, pandjenengan inggih pirsakados poenapa swantenipoen kawoela anggènipoen boten ngad-jengi rantjangan H. I. O. C., ingkang manaoet kala samanten badé karembag ing Raad kawoela.

Nanging djeboelipoen sapoenika ing kalangan onderwijs wonten oesoel énggal saking prof. Schrieke, directeur O. E., ingkang nota bene manawi boten kaléntoe dados pangarsaning H. I. O. C.!

Oesoel waoe, makaten: a. Badé wonten Algemeene Lagere School, kapérang dados kalih:

- 1). Afdeling A. pamoelangan basa Priboemi, saminipoen sakolahan angka kalih lan sakolahan doesoen. 2). Afdeling B. i. p. pamoelangan Walandi kanggé bangsa Priboemi, saminipoen sapoenika H. I. S.

b. Golongan A. badé kapérang dados kalih prangkat, samanten oegi golongan dateng Normalsch. lss.



3. ... tegesipoen waski- ta, poenika ngadjeng saking temboeng: ... widjangan-

ipoen: aib, -élok, samar; sara-landep, aloes, dados pikadjengipoen ingkang lepas boten kasamaran, déné soemerep sadèrèngipoen winarah, ingkang gaib ingkang élok ingkang samar sampoen katjakra wonten siring boedidaja. (Kw. D. Dj.)

Koela kinten anggènipoen nerangaken poenika kedosokan sanget. Aib, poenika sasoemerep koela temboeng Arab ingkang tegesipoen tjatjad, ina, nista, sara, leresipoen ... (Skr.)

tegesipoen panah. Wondéné leresipoen saking temboeng Skr. apsaras ingkang ateges déwa.

4. ... tegesipoeh woe- djoed langkoeng kwasa; widjanganipoen: maha - loewih, ageng; nasa-kawasa. (Kw. D. Dj.)

Anggènipoen negesi temboeng mania sampoen leres. Nasa, bokmanawi saking temboeng Skr. naca, ingkang tegesipoen: ilang, déwa? Ing temboeng kawi ...

tegesipoen: pawon (Wirataparwa 25). (badé kasambet). RANGGADARMINTA.

KAGOENAN.

DJOGÈD.

Toemrapping bangsa kita Djawi djogèd poenika kénging kapamèraken dateng bangsa sanès. Dasar ingkang ndjogèd baodé, ngertos dateng wiramaning gangsa, lah poenika sanadjan ingkang ningali kémawon ladjeng toemoet lenggoet-lenggoet patjak goeloe, oewal-oewil tangananipoen badé katooet ndjogèd. Pramila prajogi sanget manawi

B., kawastanan: bovenbouw lan onderbouw, oetawi pérangan nginggil lan pérangan ngandap.

c). Onderbouw pérangan A., dangoenipoen tigang taoen. Saking ngriki, neroesaken ing bovenbouw A.

d). Laré onderbouw A. inggih saged neroesaken dateng bovenbouw - B. Nanging kedah melet roemijin wonten ing schakelklas, wonten ngrikoè dipoen-gladi basa Walandi.

e). Wonten ing bovenbouw A., dipoenwoelang basa Walandi. Nanging basa Walandi ing ngriki namoeng leervak. Bovenbouw A. poenika dèrèng katemtokaken pinten klas. Saking bovenbouw A. saged neroesaken dateng Normalschool, Ambachtschool, lss.

f). Onderbouw B., saminipoen H. I. S. klas 1, 2, 3, nanging basa Walandi wonten ing ngriki namoeng dados leervak.

g). Bovenbouw B., dados klas 4 minggab, basa Walandi kanggé voertaal. Tegesipoen basa ingkang kanggé moelang basa Walandi.

h). Piwoelang oet. leerplan ing klas bovenbouw A. poenika sami kalijan bovenbouw B. bédanipoen bovenbouw A. anggènipoen moelang mawi basa Djawi, wangsoel ing bovenbouw B. mawi basa Walandi.

i). Laré onderbouw B. manawi tjara Walandinipoen kirang, boten kénging neroesaken dateng bovenbouw B. Kedah melet dateng bovenbouw A.

Makaten rantjangan prof. Schrieke, ingkang ladjeng dados voorstelipoen Departement Onderwijs. Soepados tjeta koela atoeri mirsani gambar ing ngandap poenika. Minggoe ngadjeng, rembag herordeningsplan koela ladjengaken.

dateng Normalsch. lss. dateng Mulo lss.

kita sasaged - saged toemoet ngadjengaken kagoenan waoe, djer djogèd poenika pantjèn nengsemaken, boten tijang Djawi tok, sanadjan bangsa sanès oegi kepéntjoet dateng djogèd.

Koela sampoen naté soemerep bangsa sanès, saking senengipoen djogèd, kaleres wonten tijang gadah damel mawi tajeoban, ladjeng matjak tjara Djawi, wah poenika sareng wiiwit beksa, para ningali sami ndongong, sadaja mripat toemoedjoed dateng ingkang ngemataken beksa. Sinten ta waoe, djeboel babah ing lèr palang sepoer. O tetéla djogèd poenika saé saèstoe. Dalasan ing pamoelangan - pamoelangan Djawi (Normal, Kweekschool) oegi kawoelang djogèd.

Mangga kapirsanana pinten kémawon kating pakempalan-pakempalan djogèd, ingkang ngoedi adjeng toewin saéning djogèd. Saking saénipoen (koela boten ngoemoeaken) dalasan ringgit tijang, andé - andé loemoet, loedroeg, ketoprak oegi kinanténan djogèd.

Nanging o sapinten ta kerantarantaning manah koela, bilih ngèngeti djogèd ladjeng katoemrapaken dateng „tajeoban.” Awit kadjawi tajeob pijambak boten saé, ratjak ladjeng boten migoenakaken patokan-patokan ingkang saé. Inggih leres manawi taksih sonten taksih kénging sinawang, nanging manawi langkoeng djam 1 kémawon sampoen ladjeng main riboet, itjaling tatanipoen: tataning djogèd lan tataning kasoesilan. Poenapa boten soeda adjinipoen djogèd lan kabangsan? Ah éman sanget, sampoen ngantos kaladjeng - ladjeng, mindak boten saged madjeng. Pramila soemangga sadèrèk kita, ingkang taksih roemaos koewagang, énggal katandangana, amrih itjaling kasenangan boten ilok waoe.

Saking abn. no. 535.
 Noewoen wijosipoen Rama redac-
 teur ing ngandap poenika koela
 kintoen „panjoewoenan pirs”. Moe-
 gi rama kersaa paring djawaban.

Kados déné ramapriksa oemoem-
 ipoen sadèrèk Djawisanès Kath. poe-
 nika manawi gadah damel mantoe
 oetawi netakaken mawi tajeoban lan
 tamoenipoen oemoem mawi njoem-
 bang. Sarèhning soembanstelsel
 poenika boten saé, awit gadah
 damel makaten poenika kanti pados
 asil lan inggih jèn medal asilipoen,
 jèn boten damel sisah dateng ingkang
 gadah damel. Boten kirang tijang
 ingkang nembé gadah damel ladjeng
 gambal, malah kabariipoen wonten
 ingkang miroeda daloe wektoe ga-
 melan masih moengel.

Pit. I nitik kawontenan ingkang
 makaten waoe kados-poendi kanggé
 kita tijang Katoelik manawi tampi
 oelem-oelam tajeob? Dateng, poena-
 pa poenika boten nami setoedjoe
 kalijan stelsel ingkang boten saé
 waoe? Boten, mangké dipoenwastani
 boten roedjoek, njédjé. Poenapa
 malih jèn wonten kita alit ladjeng
 katingal.

II Ing kita panggènan koela—
 bokmanawi lintoe panggènan oegi
 makaten — madjeng oegi bab main
 bakaran. Ing poendi wonten tajeob
 inggih wonten bakaran toer ageng-
 agengan, boektinipoen ingkang main
 boten namoeng tijang Djawi, malah
 sabagéjan ageng bangsa Tionghoa
 Singkèk. Hara, kados poendi kenging
 dateng poenapa boten?

III malih manawi kita dipoen-
 dang tijang mantoe sanadjan boten
 mawi tajeob oetawi bakaran, nan-
 gning kita soemerep jèn mantènipoen
 ing wektoe poenika sanès mantèn

sapisan tegesipun sampoen sampo-
 prakon kalijan simahipoen ingkang
 roemijin oetawi mantèn wajoeh,
 Kénging dateng poenapa boten?
 Kénging, poenapa poenika boten
 mratandani jèn roedjoek kalijan won-
 tenipoen pegat oetawi wajoeh?

Djaw. I Prajoginipoen boten da-
 teng kémawon. Djalaranipoen: a)
 Tajeob poenika boten matoek ka-
 lijian raos katoelik, b) Jèn soemba-
 nganstelsel poenika sampoen kaga-
 lh boten saé, kénging poenapa kok
 taksih dipoentjondongi margi oelem-
 oelemanipoen dipoedatengi? Sampoen
 adrijir kawastanan boten roe-
 djoek. Awit poenapa inggih prajogi,
 roedjoek dateng prakawis ingkang
 boten saé? Lan malih jèn wonten
 tijang sampoen jakin saèstoe bab
 boten - saènipoen soembanstelsel
 (—kados déné pandjenengan poe-
 nika; rak inggih, ta! —), mangka
 boten poeroen alitipoen boten ngroe-
 djoeki lan agengipoen miwiti njowak
 pijambak; gèk sinten kémawon ing-
 kang badé poeroen njowak? oetawi
 gèk bédjeng poenapa kémawon
 sagedipoen itjal poen soembanstelsel
 waoe?

II Sarèhipoen sadèrèk Katoelik
 boten pantes dateng ing tajeoban,
 dados margi poenika kémawon sampoen
 prajogi boten datengipoen; saja
 malih jèn mawi kapeksa toemoet
 main ingkang ndrawasi dateng oe-
 benging jatra.

III. Poenika kénging, oegeripoen
 namoeng nama toemoet pista oet.
 seneng-seneng (ingkang boten awon,
 lol) lan boten toemoet ngidjabaken,
 dados seksi lsp. Awit poenika boten
 nama ngroedjoeki wontenipoen pegat
 oetawi wajoeh.

Namoeng kémawon weling koela:
 sadaja waoe katindakna kanti soe-
 manak!

betipoen tijang panggoer bangsa
 mantja.

Pamedal S. Stansah soeda.
 Pamedal S.S. wiwit Djanoewari
 doemoegi Oktober 1930 poenika,
 soeda f 10.300.000 tinimbang Dja-
 noewari — Oktober '29.

Arta moespra.
 Margi wontenipoen Pasar Gam-
 bir, gemeente Betawi kala Septem-
 ter angsal paos tetinggalan katahpoen
 f 45.542.40. Poenika manawi ka-
 tanding kalijan rantjangan tampin-
 paos ing dalem sawoelan-woelan-
 ipoen, sampoen mindak f 17.209.07.
 Kala September 1929, paos tetinggal-
 an waoe wonten f 44.378.85.

Wiwit Djanoewari — September
 '30 paos tetinggalan ing kita ngrikoe
 angsal f 247.639.29, poenika soeda
 f 7.360.70 tinimbang rantjangan-
 ipoen. Woelan Djanoewari — Sep-
 tember taoen '29, paos tetinggalan
 waoe angsal f 247.295.19.

SAKING TANAH KEDJAWÈN.
 — Poatoesan parepatanipoen Zelfbestuur
 ing tanah Kedjawan, wonten Soerakarta
 nembé poenika, ingkang perloe-perloe: a).
 Bab Balé Agoeng taksih wonten nalar-nalar
 sawatawis ingkang karemabag. b). Njandèk-
 aken anggenipoen nedy a ngawontenaken
 komisi kanggé nggesangaken malih raad pa-
 prèntahan (Balé Mangoe), oetawi raad sanès
 ingkang mèmpèr Balé Mangoe. c). Angéwah-
 pranatan montor bis. d). Soeka soebisidi
 f 1000 dateng Bureau Toeristenverkeer, ka-
 sanggi Zelfbestuur 4.

— Sadèrèk Sardjana, wedalan Normaalschool
 Solo taoen 1927, kalahiran bawah
 Ngajogja, nembé poenika pangkat saking
 Ngajogja lelana ngideri bawana. Sangoeni-
 poen namoeng f 100, kalijan basa Esperanto,
 Walandi lan Inggris. Wonten margi lampah-
 ipoen badé kaselanan njamboet damel. Pita-
 dosing manah temtoe badé angsal pitoe-
 loengan saking golongan Esperanto, awit
 pijambakipoen soegih tepangan (sarana serat)
 golongan Esperanto wonten mantja nagari:
 Honggari, lss. Moegi-moegi kaboe! —
 C. S. martosaken, nembé poenika ing
 bawah ngasistènan Wedi, Klatèn katradjang
 prahara ageng. Ingkang risak taneman sata
 20 baec, grija-grija 112 woewoen. Kapitoe-
 nèn kapèngan kalijan kapitoenipoen on-
 derneming wonten ± f 100.000.

— Salebetipoen Oktober, kantor pakarjan
 Ngajogja, nampi tijang pados pandamelan:
 bangsa Éropah 46, Tionghoa 1, Indonesiers
 218. Ing akiring woelan waoe tijang ingkang
 pados pandamelan lantaran kantor waoe,
 ingkang dèrèng saged kapapanaken: bangsa
 Éropah 288, Indonesiers 1153, Tionghoa 28.

Tanda mata kedah oegi kairid.
 Dirèktoer Financiën njabar serat
 dateng pangageng-pangageng an-
 dahaniipoen, asoeraos: manawi da-
 mel tanda mata dateng pangageng
 inggilanipoen (manawi ngleresi pin-
 dah, perlop, lss.), prajogi ingkang
 boten awis reginipoen.

Koeli-koeli dipoenkèndeli.
 Pawartos saking Médan njarijos-
 aken, saking sakedik onderneming
 Rantau badé motjoti poenggawa
 katabipoen 500.

**Lotré Bataviasche Kinderzieken-
 huis.**
 Lotré ageng kapengker poenika
 sampoen kagebag. Wonten lot 12.100
 (± 6%) boten padjeng, lan inggih
 boten kagebag, mila tampinipoen
 pris inggih boten djangkep, soeda
 6% — Lot f 150.000 kabar dawah
 Walandi (batonan) ing satjelakipoen
 Klatèn.

Ing ngandap poenika nomer-
 nering pikantoepris.

f 150.000	94198
f 100.000	161522
f 75.000	21117
f 50.000	60082
f 25.000	
183650	— 97654
152716	— 171324 — 29970
f 10.000	
84431	— 172729 — 39088
30554	— 145739 — 109707
25448	—
170413	— 148555 — 61260
80161	— 110325
99819	— 18963 — 116886

f 5000

32516	— 74299 — 17916
167445	— 122 — 107940
155744	— 67420 — 111009
125161	— 56797
181165	— 69124 — 7170
122502	— 11484 — 37133
97933	— 158786 — 26867
77769	— 42086
32652	— 108988 — 181070
86864	— 74008 — 85506
63803	— 186440

f 1000

76296	— 25532 — 54888
194283	— 24819 — 111485
164320	— 158050 — 148068
198408	— 7767 — 76954
66306	— 127905 — 96427
143210	— 139913 — 110290
56760	— 122173 — 184812
95013	— 107059 — 124081
78236	— 26144 — 164951
43522	— 79413 — 14702
24288	— 145298 — 67136
11727	— 68223 — 133580
107142	— 177368 — 38311
16117	— 191345 — 9097
114953	— 101465 — 47203
32839	— 71706 — 192115
165581	— 14702 — 136513
184948	— 61179 — 3659
99568	— 132482 — 68431
83306	— 105779 — 35779
64443	— 22745 — 25621
84265	— 183141 — 29361
114303	— 95876 — 76628

Bangsa Éropah inggih kedosan.

Rijkseheid! Serat kabar ming-
 gon ing 's - Gravenhage, Nederland,
 ingkang sedyanipoen *ningseti ta-
 tangsoel Nederland kalijan dja-
 dahan-djadahanipoen.*
 Weekblad poenika, ingkang medal
 kala 15 Oktober, no. 3, katja 22,
 ngewrat karanganipoen *H. J. Sleg-
 tenhorst*, asisirah „Het mileu in
 Indië en zijn invloed op de Euro-
 peesche jeugd” oet. „Pasrawoengan
 (kaanan) ing Indija karo dajané toer-
 mrap nonoman bangsa Éropah.”
 Artikel poenika, napoek rainipoen
 tetijang Indonesiers! Njerikaken ma-
 nah! Nanging inggih kénging ti-
 nampi *pépèling* oet. *pèpèngèt!*

Soeraosipoen:
 Laré-laré koelit petak ing Indonesia poe-
 nika, manawi sampoen njandak oemoer
 tiga welas taoen, prajogi kasakolahaken
 dateng Nederland. Awit, pasrawoengan
 ing ngriki, ambabajani toemrap laré-laré
 waoe, langkoeng-langkoeng wonten sale-
 betipoen sakolahan tengahan. Nonah-no-
 nah wonten ngrikoe, kerep sanget dipoen-
 bebéda, dipoendjawat déning *braine jon-
 gens*. Ingkang makaten waoe kabekta
 margi seminipoen raos birahi poenika
 toemrap bangsa Djawi langkoeng énggal
 tinimbang laré-laré Kilénan. Panganggep
 babagan *djaloe-wanita* tjara Wétan kalijan
 tjara Kilèn, béda. Malah walandi H. J. Sleg-
 tenhorst waoe njarijosaken ing tanah Dja-
 wi ngriki, wonten koranipoen laré nénéman,
 ingkang terkadang isi tjtjarijosan lékoh-
 lékoh. Mangka poenika dipoenwaoes laré-
 laré djaler toewin èstri maatoes-atoes.
 Ewadéné tijang sepoehipoen laré boten
 poeroen ménging anakipoen maos koran
 waoe. (— Nanging koran poenapa, boten
 katjarjosaken. — Patjar Mérah). Wonten
 artikel waoe Slegtenhorst malah inggih
 anjarowé poelitikipoen papréntahan In-
 dija samangké, anggenipoen nedy a nja-
 məkaken bangsa warni-warni. Wonten
 dirèktoer sakolahan middelbaar dipoenke-
 lahaken siswanipoen, margi poen moerid
 waoe roemaos dipoenpisakit. Mangka le-
 resipoen boten makaten! Ewadéné siwa
 (n. b. sanakipoen apdokat pembentji
 Blanda) boten tampi paekoeman poena-
 pa-poenapa ingkang margi anggenipoen
 ngliadosaken kelah palsoel enz. enz.

Doemoegi semanten anggèn koela
 ngringkes soeraosing karanganipoen
 walandi Slegtenhorst.

Sinten ingkang nedy a andjoen-
 djoeng daradjading bangsa, pantjen
 kedah *talatos* ngoepadosi *tjatjad-
 tjatjading* bangsa. Manawi wonten
 ingkang poeroen anedahaken *tjatjad*
 waoe *inggih sinten kémawon*, kita
 kedah bingah.

Zedelijkheidsopvoeding! Panggoe-
 lawentah babagan kasoesilan! Poe-
 nika wonten djagad pasrawoengan
 Indonesiers, oemoehipoen pantjen
kirang. Pinten katabipoen tijang se-
 poeh ingkang nontonaken ketoprak
 anakipoen ingkang taksih alit? Pin-
 ten katabipoen laré alit ingkang
 sampoen bae amimisoeh, amastani
 prakawis saroe? Pinten katabipoen
 tijang sepoeh boten mraoeli wa-
 dosing anak? Malah terkadang anak
 maos boekoe saroe boten dipoen-
 poenapak-poenapakaken.

Dajaning panggoela-wentah ma-
 katèn waoe, taksih dipoenbekta laré
 doemoegi ageng, lan bokmanawi
 ngantos doemoegi ing sakolahan
 inggil pisan!

Koela boten tëdèng aling-aling,
ngakeni, bilih katah *siswa nénéman*
 Indonesiers ingkang remen *bala-
 sakan* wonten *grija pasoendelan*.
 Kawontenan makaten poenika, pan-
 djenengan saged pirs manawi da-
 dalem wonten kita ageng.

Koela kèngetan aksinipoen pa-
 kempalan *Pasoendan* anggenipoen
 nglawan tetinggalan ingkang adamel
 bobroking kasoesilan, déning angè-
 ngeti katahing *laré-laré pamoe-
 langan* ing Djawi Kilèn, (langkoeng-
 langkoeng Bandoeng) ingkang ké-
 nging *sasakit èstri ± 60%*.

Sedya Tama inggih kerep njan-
 toelani tandangipoen laré-laré se-
 kolah ingkang asring ambébéda laré
 èstri! *Bintang Mataram* naté nja-
 rijosaken wonten moerid djaler
 ngoendang medal kantiangipoen èstri,
 sareng doemoegi radinan, dipoen-

Toeroen Basah Sentot.
Soer. Hdbi. njarijosaken wonten
 tijang nama R. Harto Poerwowasono,
 ngaken toeroen Basah Sentot, Sarta
 ngaken dados doekoen. Sampoen
 katah tijang kapesan arta, lan ing-
 gih katah tijang èstri dados koerban.
 Tijang poenika naté ngambah Ba-
 njoewangi, Malang, Blitar, Kediri,
 sarta molah - malih anggenipoen
 ngaken: toeroen prajagoeng anoe.

41090	— 14950 — 607
155668	— 148098 — 130290
149717	— 106601 — 141576
16549	— 116718 — 162419
44772	— 161008 — 163147
103144	— 108507 — 48237
10094	— 93799 — 187908
195110	— 194099 — 199661
169394	— 120644 — 117535
11740	— 73904 — 106075
	90357 — 76195

CORRESPONDENTIE.

Red.
 1). Wonten sadèrèk ingkang takèn: nge-
 degaken A.B.C. cursus poenika kedah mawi
 njoewoen idi ing paréntah poenapa boten?
 Wangs: Njaosi priksa kémawon sampoen
 tjekap. (Kennis geven.)
 2). Kita sampoen tampi soembanan awoe-
 djoed karangan-karangan saking: J. Koets;
 Gadjah Maddha; Julapium Kendalsari; P.S.;
 Ajodiwidah; ngGloto; Bende; Anggana;
 Soenar; Preetho. Matoer noewoen! Nanging
 margi djedjeling poen kopi dèrèng saged
 nedalaken.
Adm. Soedah trima Koff's R. K. Boeken-
 gids. Trima kasih banjak!
 Sinten ingkang priksa, Jth. At. B. Soema-
 dirja, Ngaglik, Sribj.; Dioewahir, Ngentak
 Senden, Blabag N. I. S.; E. J. Widjiasoesanta,
 Petjangan S. J. S.; poenika pindah dateng
 poendi, moegi kersaa paring priksa dateng
 Adm. Sadèrèng lan sasampoenipoen matoer
 noewoen!

Manoet serat kabar waoe, Poerwo-
 wasono poenika sadjatosipoen sa-

OERAP - SARI
 (PETIKAN SAKING SERAT-SERAT KABAR SANÈS).
 KABAR KATOLIK.

**Pamoeringipoen golongan Islam
 dateng Prantjis.**
Margi propaganda Katoelik.

Djagad Islam, sadonja, oegi ing
 Indonesia, gondjing. Margi manoe-
 t serat-serat kabar, kadosta: S. R. I.
 lan *Siang Po*, wonten pawartos
 saking Afrika, njarijosaken oemat
 Islam bangsa Barbar ing Marokko,
 sami *dipoenpeksa* nilar Islamipoen
 kapoerih miebet Kristen. Ingkang
 meksa: Prantjis.

Malah t. Farid Abdoellah ing
 Cairo wonten S. R. I. njarijosaken
 makaten: „Tetapi golongan Catholic
 dari bangsa Perantjis, jang memeng
 keradjan disitoe, telah mengeloarkan
 soerat ketetapan dari *Soeltan Panotogomo* (??—Red. Sw. T.)
 disana: ketetapan mana memaksa
 bangsa *Barbar*, soepajamenggakalkan
 agamanja Islam dan bahasanja Arab,
 Lantaran, kata firman Soeltan itoe,
 bangsa *Barbar* itoe asalnja beragama
 nasroni Catholic sebelome mereka
 masoek agama Islam. Djadi agama
 Islamlah jang mengeloarkan mereka
 dari agama Catholic. Maka sewad-
 djibnja mereka dikembalikan ke-
 agamanja jang terdahuloe.”

Manoet *Siang Po* (petikan saking
 satoenggiling koran Arab) sampoen
 kelampahan wonten sakolahan - sa-
 kolahan Islam dipoentoetoe déning
 paréntah Prantjis, ladjeng kasoe-
 kakaken dateng golongan Katoelik.

Margi pakabaran poenika, djagad
 Islam gondjing. Malah ± sawoelan
 sapriki sampoen wonten serat toe-
 moedjoe dateng oemat Islam ing
 sadonja soepados amrotès lekasiipoen
 paréntah Prantjis waoe.

Para nénéman ing Mesir oegi sami
 ngawontenaken protest.

Kadang Islam ing Indonesia ing-
 gih toemoet moering. Ing Soerabaja
 malah sampoen wonten serat se-
 baran kawedalaken, soeraos nga-
 won-awon lekasiipoen Prantjis. Re-
 daktoer Hadramant - Courant, sèp
 drukkerij „Almaskati”, redaktoer S.
 R. I., pangarsa Madjells Pertimbangan
 Islam, sami lalawan kalijan poeli-
 si.

Ing Ngajogja, manoet Aneta poeli-
 si sawoelan kapengker ambeslah

brochure sampoen dipoentjap, na-
 nging dèrèng kasebaraken déning
 H. B. Moehammadjah. Brochure waoe
 isi protest-ipoen panoentoen Islam
 ing Kairo toemrap toetoeipoen
 sakolahan Islam ing paredèn Atlas.

Mataram sasampoenipoen pikan-
 toek katrangan saking péhak opisi-
 siji, njarijosaken bilih brochure
 waoe ingkang ngetjap dédè H. B.
 Moehammadjah, lan oegi boten sa-
 king pakènipoen M. D. Boekoe waoe
 ingkang ngetjapaken satoenggiling
 moerid kwekschool Moehammadjah
 ingkang awatak fanatiek. Dados
 aksi waoe inggih medal saking
 poen laré pijambak.

Prantjis poenika dados mitrani-
 poen Nederland. Mila paréntah ngri-
 ki inggih tjak-tjek anjirep badé
 oebaling latoe. Consulaat-generaal
 — Perantjis ing Betawi *andorakaken*
 bilih wonten panindes kados kase-
 boet nginggil saking paréntah
 Prantjis.

Pakabaran - pakabaran mekaten
 poenika, pantjen sampoen ladjeng
 agé-agé dipoen-gega. Ing ngriki ko-
 la ngalem kawitjaksananipoen S. R. I.
 ing Soerabaja ingkang dipoenke-
 moedèni t. Tjindar Boemi, awit
 nalika pikantoe kabar makaten waoe
 saking pambantoenipoen ing Kairo
 t. A. Farid Abdullah, ladjeng damel
 noot mekaten: „Tentang benar atau
 tidaknja *details* karangan ini, kita ha-
 roes menerimanja dengan sedikit
reserve, enz.”

**Missie Tionggok kambah bentja-
 na.**

Mgr. Balconi, Biskoping Han-
 choengfoe, sesarengan kalijan Pastoe-
 Lazaristen 3, Zuster 6 sami salebet-
 ipoen minggoe kapengker sami
 mladjeng ngoingsi dateng goemoek-
 goemoek, njingkir pandjadjarah-
 ipoen para doerdjana. Seminari lan
 grija-lola sami dipoendjarah. Pas-
 toer Lazaristen Mazolli lan Filia
 poenapa déné Pastoe Tjong Hoa
 Tchang dipoenbandang para bandiet
 waoe.

Grija sakit St. Elisabeth.
 Grija sakit St. Elisabeth ing Me-
 dan mentas dipoenbarkahi Mgr.
 Brans.

**KABAR OEMOEM
 INDONESIA.**

Koersoes-kasarsasan.
P. Ragil martosaken bilih wiwit
 woelan ngadjing poenika ing Moen-
 tilan wonten koersoes-kasarsasan
 kanggé para goeroe doesoan saki-
 wa tengenipoen ngrikoe, katoentoen
 pandjenenganipoen dokter Moenti-
 lan manggèng ing grija sakit. — Mang-
 ga para sdr. G. D. ingkang saged,
 karsa merlokaken; awit poenika
 moerakabi sanget kanggé sakiwa-
 tengenipoen pandjenengan.

**Wlandi boten gadah pamedal.
 Wonten 4.000.**
 Pangageng gemeentelijk arbeids-
 bureau ing Soerakarta njarijosaken
 dateng *Ind. Crt.* bilih tjtjahipoen
 Walandi nganggogèr ing satanah
 Djawi kinten-kinten wonten 4.000.
 Ichtjtjar kanggé anjegah indaking
 pandji klantoeng Walandi waoe,
 saking pamrajoginipoen pangageng
 kaseboet, paréntah kedah ngawon-
 tenaken pranatan boten nampi le-

Receipt²

ER
ER
CEE
ER
EE

APOTHEKEN

Rathkamp & Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT KANGGÉ SALEBETIPOEN
NGAJOGJAKARTA.

Sepeda-sepeda merk:

SIMPLEX Cycloide, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin.
TOURIST: A. A. sarta A.

Sedija oegi sepeda merk:

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONIG.
Sarta malih sepeda mirah wiwit pengaos f 55.—, f 65.—, f 75.—
saprabotipoen: Kliting, pompa, lentéra sarta tas isi perka-
kas koentiji sarta wadah lisah.Mentas tampi per S.S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk:
ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metallicus.Sedija oegi Djas djawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoen
tosan sarta tjèt wenter.

PENJADÉJAN KENTJÉNG SARTA KATJITJILAKEN.

Menawi perloe moendoet katerangan, badé kakintoen pratélani-
poen kalajan lelahanan.

Njenjadang Welingan.

Rijwielenhandel Reparatie-inrichting en Smederij:
„WIRJOSOESENO”

Lodjiketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.

Soemangga sami ngabarna ing SWARA-TAMA

boekang herlodji
Toekang emas.
Adres jang
moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja
SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik
boewat pembikinannja.ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan
BESCHUIT-BESCHUIT KERING.SROETOE-SROETOE dan ROKOK-
ROKOK, jang haloes dan kasar.Djoega slamanja djangan loepa minoem kita
poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die
giling dengan machine Electrics, bisa giling aloes
dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an
die tanggoeng sampee menjenengken, harga per
pond f 0.90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengan hormat
Toko DJOEN & Co.

TOKO BARANG-BARANG

H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.

Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;

Kereta dan korsi boeat anak-anak;

Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan

— permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN
MOERAH SEKALI!

ARTISTICO CALCARIUM.

Waterverf nomer satoenggal tanpa ganda, woedjoed
boeboekan, jèn badé nganggé mawi dipoentjampoeri toja
limrah oetawi bentèr, kanggé ngetjèt pjan, témbok lsp.
Saged toembas warni 40 dalasan warni salaka lan mas.
Jèn warni waoe katjampoer-tjampoer, tjatjahing warni
saged tanpa wates.

Satoenggal boengkoes à 1 Kilo, f 0,90.
(mawi rékanipoen nganggé)

Calcarium salaka saben 1 H.G. f 0,50, saben 1 Kilo „ 4,25.

Calcarium mas „ 1 „ „ 0,55, „ 1 „ „ 4,75.

Sikat Calcarium lan Sablone.

Sikat Inggris, petak, gèpèng.

VERFFABRIEK R.B. FRIELING
GONDHOMANAN 80. DJOKJA

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa 6.-7.30.	Lamah 5.30-6-8.	Pekalongan ³⁾ 6.30-8.	Kepandjèn 6-7-9 ¹⁾
Amboina 7.30.	Lawang ⁵⁾ 6-7.	Pemangkat 8.30.	Anita Boul. 6-7.30-9.
Bagan Siapi-apt 7.30.	Madioen 6-7.30.	Poerwokerto 7.30.	Soerakarta 6-7-8.30.
Bandoeng 6-7.30-9.	Magelang 7-9.	Poerworedjo 7-8.30.	Tandjoeng Balai 7.30.
Benkoelen 7.30-9.	Makassar 6-7.30.	Pontianak 7-8.30.	Tandjoeng Karang 8.
Blitar 7.30.	Malang 6-7.15-8.30.	Probolinggo 7.30.	Tandjoeng Sakti 7.30.
Buitenzorg 6-8.	Manado 6-7.30.	Salatiga 7.30.	Tara-Tara 7.30.
Cheribon 7.30.	Medan 6.30-8-8.30 (tjina).	Sambas 6-8.30.	Tegal 6.30-8.
Djember 7.30.	Medari ⁶⁾ 7.30.	Sambong 8.	Tering 7.
Djokja:	Meester Corn. 7-9.	Sawah Loento 7-8.30.	Tjilatjap ⁸⁾ 7.30.
Kampementstraat Eur. 7-9.	Mendoet 6-7.30.	Sedajoe 7.	Tjimahi 6-8.
Jav. 6-8.	Modjokerto 6-8.	Sedjiram 5.45-8.30.	Tomohon 7-8-9.
Kota Baroe 6-7.30.	Moentilan 5-6-8.	Semarang: 6-8.	Wates ⁷⁾ 7.
Djombang ¹⁾ 7.30.	Muntok 8.	Gedangan 6-8.	Weltevreden:
Fort de Kock 7.30.	Ngawi ⁷⁾ 7.30.	Bangkong 6.30-8.30.	Waterlooplein 5.45-7-9.
Gandjoeran ²⁾ 7.	Padang 7-8.15-9 (tjina).	Tjandi 7.30.	Kramat 6-8-9 (mal.).
Gombong ³⁾ 7.30.	Padang Pandjang 7.30.	Randoesari 7-9.	Wonosobo ³⁾ 7.30.
Keboemèn ⁴⁾ 7.30.	Pajakombo 7.30.	Singkawang 6.30-9.	Woloan 8.30.
Kediri 7.30.	Palembang 7-9.	Soekaboemi 6-7.30.	
Klatèn 7.30.	Pasoeroean ¹⁾ 7.30.	Heuvel 5.30.	
Koeta Radja 6.30-8.		Soerabaja:	

¹⁾ 1e. Achad.²⁾ 2e. Achad.³⁾ 1e., 2e., 4e. Achad.⁴⁾ 3e. Achad.⁵⁾ 1e. + 3e. Achad.⁶⁾ 1e. Achad tiao²⁾ doea boelan.⁷⁾ 2e., 4e. Achad.⁸⁾ 3e. Achad.toernggiling mantri wana ingkang
kapotjot boten kalajan hoeremat.

Tijang minggah kadji soeda.

Taoen poenika tjatjahing tijang
minggah kadji boten wonten sapa-
lihypoen taoen-taoen ingkang sam-
poen kalampahan.Doemoegi sapoenika, tjatjahipoen
tjatang minggah kadji waoe saweg
8.500, mangka taoen kapengker
28.000. Dajaning malaise!

Rekaosing ngagesang.

Ing Soerabaja salebetipoen kalih
minggawo kémawon wonten baita
saking Deli ngemot koeli 1400, sa-
daja sami kawangsoelaken ing doe-
soenipoen. Inggi margi malaise!

Dateng Indo China.

Pangageng Oudheidkundigen-
dienst dr. F. D. K. Bosch, akiripoen
woelan poenika dateng Indo China,
perloe njinaoe kawontenan kina ing-
ngrika.

Instituut laré bisoe.

Instituut laré bisoe ing Bandoeng
badé andatengaken goeroe ingkang
pantjen kanggé laré bisoe, saking
Nederland.Tjatjahing moerid ing ngrikoe,
sapoenika wonten 14, sami bangsa
Djawi, Soenda. Tiong Hoa toewin
Éropah.Bangsa warni-warni toenggil da-
dos saeklas poenika boten dados
alangan, awit laré-laré dèrèng saged
omong, kadjawi omong mawi pasas-
mitan. Basa ingkang kanggé moelang
basa Walandi. Manawi wonten arta-
nipoen inggi badé njinaokaken goe-
roe Djawi toewin Tiong Hoa, per-
loenipoen sageda ing bédjeng laré-
laré witjanten mawi basanipoen pi-
ambak.Tijang ingkang neda njakolahaken
anakipoen wonten ngrikoe ing ka-
boepatèn soemedang kémawon 33
(bangsa Djawi, Madoera, Soenda,Melajoe. Europa lan Tiong Hoa). Na-
nging kabekta kekirangan waragad
lan goeroe, boten saged katampi.
Inkang dados pantoenipoen
Instituut bisoe waoe zuster A. A.
Jongbloed. Papanipoen Instituut
wonten Riouwstraat 20, Bandoeng.

Pelikan emas ing Soematra.

Serat-serat kina katah tjatjijosan
ingkang ngantawisi bilih Soematra
katah pelikan emas. Walandi t. van
der Haas sampoen dangoe ang-
gènipoen ngoepadosi papan-papan
waoe, ngantos ing sapedjahipoen,
padamelan poenika dipoenladjeng-
aken anakipoen ingkang sampoen
kasakolahaken kanggé kawroeh pe-
likan. Saking talatosipoen dangoe-
dangoe saged manggihi titikan pa-
melikan emas ageng tilaran djaman
kina wonten ing djoerang Batang-
Sapa nginggil, djadjahan lèpèn Bat-
tang Hari.Toewan van der Haas enèm, ka-
bantoe Ir. van Hetting Tromp,
toewin Ir. De Quartel ingkang sami
njamboet damel pelikan wonten
Betawi, sami nindakaken paniti
priksa.Van der Haas kandel kapitado-
sanipoen bilih badé pikantoeke pa-
melikan emas ageng saèstoe.

Damel margi énggal.

Ing taoen '31 poenika nagari
njoedijani arta kalih mlijoen kawan
atoes ewoe kanggé kabetahan margi
ing Soematra pasisir Kilèn.

Lenggah odènsi.

Tanggal 10 Desember poenika,
Ingkang Witjaksan lenggah odènsi,
sinten ingkang badé sowan kedah
pratéla sadèrèngipoen tanggal 3 De-
cember.

Tijang ngampak.

Nembé poenika, wonten Tiong
Hooa kinten²⁾ pitoe, ngampak wonten
grijanipoen agèn Singer bangsaMlajoe ing Soengai Boelong wates
Tebing Tinggi kalijan Serdang.
Konten-konten dipoenwadoeng, na-
nging boten angsal-angsalan, Kam-
pak ngoenggelaken pistoel boten ngé-
ngingi, sarta ladjeng kèsah sareng
ingkang tandang wonten ingkang
nimbanggi ngoenggelaken pistoel.

H. A. P. M. Mac. Gillavry. †

Toewan H. A. P. M. Mac. Gillavry,
ingkang gadah pabrik rokok
ing Ambarawa, nembé poenika tilar
donja wonten ing Nederland. R.I.P.

Kénging wisa.

Tijang 13 pedjah.

Nembé poenika ing Soekaboemi
wonten brajat, tijang 13, sami pedjah
sadaja. Pamirengipoen Het Nieuws,
bokmanawi margi kénging wisa-blèk.
Amargi tijang waoe mentas sami
neda oelam sardèn blèk-blèkan we-
dalam Kanada. Kagem péngèt ing-
kang karem oelam oet. woh-wohan
blèk-blèkan.

Tijang nganggoer.

Gandèng kalijan katahipoen tijang
nganggoer bangsa Walandi, Vade-
landsche Club badé ngawonenaken
„Nationaal Steuncomité” kanggé mi-
toeloengi bangsanipoen ing tanah
ngriki, ingkang margi dajaning ma-
laise kapotjot saking padamelan.

Dipoentjaboet.

Sirkoelèripoen Schoolopziener Ra-
wakelè ingkang ngawisi para goeroe
bawahipoen malebet pakempalan
politiek (B. O.) sampoen katjaboet.Soedan prabéja sepoer ing Dje-
pang.Kongsoel Djéndral Djepang ing
Betawi martosaken bilih goeroe toe-
win moerid sakolahan poendi ké
mawon ing mantja, manawi noempak
sepoer goepermèn ing Djepang, For-
mosa, Koréa toewin Mantsjoeriè
Kidoel pikantoeke soedan 20—50%¹⁾

Neda boten wonten Pasar Gambir.

Pakempalanipoen para Importeur
ing Betawi, neda dateng Komité
Pasar Gambir, soepados bédjeng
taoen 1931 poenika boten dipoen-
wonteni Pasar Gambir.Panglawanipoen koeli ing Soem-
trah.Manoet Planter salebetipoen Dja-
noewari — Djoeni taoen poenika,
wonten koeli onderneming nglawan
pangagèngipoen rambah kaping 34
ingkang 29 wonten Soematra ingkang
5 wonten Atjih. Panglawan kaping
34 poenika, ingkang nindakaken ing-
kang pitoeing rambahan bangsa Ti-
ong Hoa, ing sanèsipoen bangsa Dja-
wi toewin Madoera.

Arta dendan Landgerecht Betawi.

Toenggakan arta dendan Land-
gerecht Betawi kala taoen kapengker,
kirang langkoeng 62.000 roepijah,
sampoen wonten sepalihypoen ingkang
melebet.Taoen poenika arta dendan ing
ngrikoe manoet rantjangan, tjalon
malebet langkoeng saking satoes è-
woe. Sapoenika poenika sawoelan-
woelanipoen wonten lebeting arta
dendan langkoeng saking 10.000.
Ingkang makaten waoe margi ka-
tahiypoen para nglampahaken toe-
toempakan ingkang nradjang pran-
atan.

MANTJA NAGARI.

ITALI. Begrooting tekort.

Lebeting pangasilan pradja Itali,
sapoenika kirang 729 mlijoen tinim-
bang rantjangan. Mila kabinet nge-
dalaken poetoesan, sadaja bajaring
prijantoen nagari badé dipoensoeda
wiwit antawisipoen 12% — 35%¹⁾,
mawi-mawi pangkatipoen. Dajaning
malaise!
Paréntah salebetipoen djamanngrekaos poenika, tansah ngoedi
soepados regining tetedan ing ngri-
ka saged mandap, sarta inggih ka-
lampahan. Ing sawenèhing kita ageng
sampoen angoedoenaken regining
roti. Pakempalan koperasi ingkang
ageng pijambak ing Itali, nama
P r o v v i d o sampoen angedalaken
sadaja reregèng 10%¹⁾.

POLEN. Pagebloe ingfluenza.

Polen katradjang pagebloe in-
fluenza. Ing Manchester Ledz sam-
poen wonten tijang 50.000 ingkang
katradjang. Katah kantor-kantor,
pabrik-pabrik, sami katoetoep.

BARITANIJAH. Soegih!

Koninklijke vereeniging toemrap
tjatjah djitwa anapsir kasoegihani-
poen Baritanijah poenika wonten
24 miliar, 445 mlijoen pondsterling.
Poenika manawi katanding kalijan
kala taoen 1914 mindak kirang
langkoeng 10 miliar pondsterling.INDO CHINA. Oekoeman pe-
djah.Pradata ing Hanoi mentas mriksa
prakawisan dakwa 180, sami bangsa
Priboei, margi kadakwa gadah
tindak barontak nglawan paréntah
Parangakik.Tijang waoe ingkang 6 kapatrapan
oekoem pedjah, ingkang 26 kaeo-
kem koendjara salaminipoen gesang,
27 kaeoem njamboet damel paksan,
ingkang 87 kabotjal salaminipoen
gesang, ingkang 5 pikantoeke oekoem
namoeng sakedap, déné ingkang
58 kaloewaran.

TIONGKOK.

Tilgram tanggal 20 njarijosaken
galagat badé wonten katentremen
saja katingal. Djéndral 26 ing Sjansi
lan Kwomintsjoen saking Tjainfoe,
kintoen tilgram dateng Nanking
njadong dawoeh sarta apredjandji
badé ambijantoe regeering.